

# 5

## bagay ou ka fè pou pare pou enskri

### 1

#### Vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov)

Aprann plis sou Health Insurance Marketplace®, ak lòt pwogram tankou Medicaid, ak Pwogram Asirans Sante Timoun yo (Children's Health Insurance Program, CHIP).

### 2

#### Mande patwon ou si li ofri asirans sante

Si patwon w lan pa ofri asirans sante, ou ka jwenn pwoteksyon atravè Marketplace la oswa lòt sous, tankou Medicare oswa TRICARE.

### 3

#### Fè yon lis kesyon anvan li lè pou chwazi plan sante ou

Pa egzanp, "Èske mwen ka rete ak doktè mwen ye kounye a?" oswa "Èske plan sa a pral kouvri depans sante mwen lè mwen vwayaje?"

### 4

#### Rasanble enfòmasyon debaz sou revni kay ou

Ou pral bezwen enfòmasyon sou revni ki soti nan W-2 ou, souch peye, oswa deklarasyon taks.

### 5

#### Mete bidjè ou

Gen diferan kalite plan sante pou satisfè yon varyete bezwen ak bidjè. Ou pral bezwen chèche konnen ki kantite ou ka depanse pou prim chak mwa, ak konbyen lajan kach ou vle peye nan pòch ou pou preskripsyon oswa sèvis medikal.

## Health Insurance Marketplace

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon Marketplace nan yon fòm aksèsib, tankou gwo lèt, bray, oswa odyo. Ou gen dwa tou depoze yon plent si ou santi ou te fè diskriminasyon kont ou

Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/CMSNonDiscriminationNotice](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/CMSNonDiscriminationNotice), oswa rele 1-800-318-2596. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.



[HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov)

CMS Product No. 11629-HC (Haitian-Creole) September 2023

This product was produced at U.S. taxpayer expense.

Health Insurance Marketplace® is a registered service mark of the U.S. Department of Health & Human Services.



# Mache Asirans Sante a

## Opsyon asirans sante

Mache a ede ou jwenn pwoteksyon sante ki adapte bidjè ou ak satisfè bezwen ou yo. Lè w ap aplike pou pwoteksyon, ou ka jwenn tout opsyon ou yo epi enskri. Ou ka aplike pou asirans prive, Medicaid, oswa Children's Health Insurance Program (CHIP) si w kalifye.

Chak plan sante nan mache a ofri menm seri benefis sante esansyèl, tankou vizit doktè, swen prevantif, entènè lopital, preskripsyon, ak plis ankò. Ou ka konpare plan yo baze sou pri, benefis ak lòt karakteristik ki enpòtan pou ou anvan w fè yon chwa.


## Se konpayi prive ki jere plan asirans yo

Plan asirans yo ofri sou Mache Asirans la se konpayi prive ki jere yo. Ou kapab konpare opsyon pou pwoteksyon asirans sante w nan Mache Asirans la e w ap ka wè ki prim, ki dediktib, ak ki depans k ap soti nan pòch ou ke w ap gen pou peye, anvan menm ke w pran yon desizyon pou enskri.

Gen pwoteksyon pou ou menm ak kay ou. Plan asirans yo pa ka refize w pwoteksyon poutèt pwoblèm medikal ki te egziste deja oswa pwoblèm medikal kwonik, tankou kansè oswa dyabèt, e yo pa ka fè fanm ak gason peye prim diferan.

## Jwenn èd avèk depans yo

Lè w sèvi ak Marketplace la, ou ka anmezi jwenn kredi taks la pou diminye prim mansyèl ou yo epi ede w ak depans pou w peye kach nan pòch ou yo. Lè w ap aplike, w ap konnen ki kantite lajan ou ka ekonomize.



## Eksplòre Mache Asirans la

Vizite **HealthCare.gov** to jwenn repons a kesyon ou yo epi enskri pou dènye imèl sou mache a. Ou ka rele Sant Apèl Mache Asirans la (Marketplace Call Center) nan 1-800-318-2596. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

Pandan peryòd Ouvèti Enskripsyon (1ye Novanm rive 15 Janvyè), ou ka ale nan **HealthCare.gov** oswa Marketplace eta ou a epi aplike pou pwoteksyon sante, konpare tout opsyon ou yo, epi enskri nan yon plan.

Ou ka aplike pou pwoteksyon andeyò peryòd ouvèti Enskripsyon si w kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal ki baze sou revni kay estimasyon oswa akòz yon chanjman lavi, tankou:

- Pèdi Medicaid, CHIP, oswa lòt pwoteksyon
- Marye
- Fè yon ti bebe
- Demenaje
- Chanjman nan revni kay ou estime

Ou ka aplike tou pou Medicaid ak CHIP nenpòt lè nan ane a lè w itilize menm aplikasyon an.